# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–20 सितम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भिन्नही गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन में कई गो जिलन से आइल करीब तीन सौ लोगिन से मुलाकात कइलें अउर उनकर समेस्या सुनलें। उहां के अधिकरियन के निरदेसित कइलें कि जनता क समेस्या क समय से निस्तारण प्रदेस सरकार का खास प्राथमिकता में हौ। येह में लापरवाही बरदास्त नाही कइल जाई। उहां के कहलीं कि जमीन कब्जावे वालन के भू माफिया के तौर पर चिन्ह के उनकरे खिलाफ कड़ेर कार्रवाई कइल जाइ। जमीन से जुड़ल सिकायतिन पर मुख्यमंत्री अधिकरियन से कहलें कि येह तरह के विवाद क समाधान जुरते कइल जाए, जेह से पीड़ित मनइ संतुष्ट दिखे अउर कानून व्यवस्थों प्रभावित न होखे। जनता दरसन में गंभिराहे बेमारियन के इलाज बदे आर्थिक मददि क मांगि लेकर पहुंचल लोगिन के मुख्यमंत्री भरोसा दिहलें कि धन के कमी के नाते केहू क इलाज रूके नाहीं दिहले जाइ, येह से पहिले मुख्यमंत्री मंदिर परिसर में गउ सेवा कइलें। अउर अति दुर्लभ नस्ल में सामिल आन्ध्र प्रदेस क पुंगनूर गाय के दुलरले अउर ओकर हाल जनले। खास नस्ल के दुइ गो गउ वंस के जल्दिये मंदिर के गउ साला में ले आवल गइल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि ब्रह्मलीन महंत दिग्विजयनाथ जिनगी भर भारतीयता के मूल्यन अउर आदरसन बदे लड़त रहलें। ओनकर बतावल मूल्य अउर आदरस भारतीयता के नव निर्माण, पूर्वी उत्तर प्रदेस अउर गोरखपुर में सुसंस्कृत समाज क नेइ रखलसि। उनकरे विचार अउर कृतित्व से हमनी के आजो लगतारे आगे बढ़ले का प्रेरणा मिलेला। मुख्यमंत्री आजु गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में आयोजित ब्रह्मलीन महंत दिग्विजयनाथ अउर महंत अवेद्यनाथ के पुण्यतिथि पर आपन भाव जतावत रहलें। उहां के कहलीं कि सभ्य अउर समर्थ समाज बदे पहिला जरूरति सिक्षा क होला। येही उद्देस्य के समझत महंत अवेद्यनाथ ओन्नइस सौ बत्तीस में महाराणा प्रताप सिक्षा परिसद क स्थापना कइलें। इ काम धन कमाये बदे नाही बलुक लोग कल्याण बदे कइल गइल। श्री योगी कहले कि गोरक्षपीठ के सन्तन के अगुवाइ में जउनहू कार भइल उ व्यक्तिगत नाव खातिर नाही बलुक हर काम देस, सनातन धरम अउर समाज के नाव रहल। सरधांजलि सभा के वशिष्ठ आश्रम अजोध्या धाम से आइल पूर्व सांसद डाक्टर राम विलास वेदांती भी संबोधित कइलें।

**********

प्रदेश क राज्यपाल अउर कुलाधिपति आनंदीबेन पटेल आजु डाक्टर राम मनोहर लोहिया विश्वविद्यालय के दीक्षांत समारोह में मेधावियन के एक सौ पनरह स्वर्ण पदक दे के सम्मानित कइलिनि। येह मौका पर राज्यपाल बहराइच से आइल आंगनबाडी कार्यकर्ता लोगिन के लइकन के खिलौन अउर सिक्षा से जुड़ल दुइ सौ किटों बटलिनि। उहां के विस्वविद्यालय परसासन की ओरि से गोद लिहल गइल गांव के लइकन के कइ गो प्रतियोगिता में बढ़िया परदरसन बदे पुरस्कृतों कइलिनि। येह दौरान उच्च सिक्षा मंत्री योगेन्द्र उपाध्याय भी मौजूद रहलें।

**********

दिल्ली से प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी की ओरि से पीएम विश्वकर्मा योजना के सुभारंभ कार्यक्रम क अजोध्या के आईटीआई में भी सजीव प्रसारण भइल। येह मौका पर कार्यक्रम में सामिल भइल उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य कहले कि प्रधानमंत्री क एके लक्ष्य हवे, गरीबन के अमीर बनावल।

***प्रधानमंत्री जी का एक ही लक्ष्य है, जब तक गरीब अमीर नही बनेगा तब तक भारत दुनिया में नम्बर एक नही बनेगा। जैसे उनका लक्ष्य गरीब को अमीर बनाना है और उनके जीवन को खुशहाल बनाना है।***

**********

समाजवादी पारटी क भदोही विधायक जाहिद बेग पर एगो अउरियों एफआइआर दरज भइल हवे। काल्हि मुख्य न्यायिक दण्डाधिकारी के अदालत में अत्मसमर्पण के दौरान जाहिद बेग अउर उनकरे समर्थकन पर पुलिस कर्मी से मारपीट के आरोप में ज्ञानपुर कोतवाली में इ मोकदमा दरज भइल हवे। ओहर आत्मसमरपण के बादे विधायक के प्रयागराज के नैनी जेल अउर उनकरे बेटा के जिला जेल वाराणसी भेजल गइल हवे। नाबालिग नौकरानी के आत्महत्या मामिला में विधायक काल्हि न्यायालय में आत्मसमरपण कइले रहले। दुइ दिन्न पहिले सह अभियुक्त के तौर पर विधायक के बेटा के पुलिस न्यायालय में पेस कइले रहल।

**********

प्रदेस में बाढ़ से प्रभावित करीब पचीस जिलन में प्रसासन बचाव कार के सथहीं राहत क समान बटलें के कार मे तेजी ले आइले हवे। येहि क्रम में संतकबीर नगर जिला के धनघटा तहसील क्षेत्र पहुंचलि प्रभारी मंत्री विजय लक्ष्मी गौतम बाढ़ प्रभावित इलाकन क दौरा कइके के हालति जनलि अउर बाढ़ पीड़ितन के राहत क सामान बटलिनि। येह दौरान प्रभारी मंत्री कहलिनि कि सरकार गरीबन अउर पीड़ितन के साथे हवे अउर उनकरे हित बदे हरदम्मे तइयार हवे। येहि तरह उन्नाव, बनारस, बस्ती अउर गोरखपुर के लेके कई जिलन के बाढ़ प्रभावित इलाकन में जन प्रतिनिधि अउर प्रसासनिक अधिकारी राहत सामग्री बटलें।

**********